

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan kualitatif kana objék karya sastra, anapon panalungtikan kualitatif nurutkeun Moleong (2012, kc. 6) mah nya éta panalungtikan anu mibanda maksud pikeun maham kana sakabéh kajadian nu kaalaman ku subjék, nu ditétélakeun ku cara ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa dina hiji kontéks alamiah sarta ngamangpaatkeun rupa-rupa métode alamiah.

Saacan nangtukeun tiori jeung métode dina ngaanalisis karya sastra, diperlukeun pamarekan kana karya sastra minangka objék panalungtikan nu rék dianalisis. Ieu pamarekan fungsina pikeun marekan objék panalungtikan. Sakumaha anu ditétélakeun ku Ratna dina Meliasanti (2014, kc. 69), yén jihat pamarekan dilakonan pikeun ngalibetkeun cara-cara maham jihat paélmuan nu tangtu, sarta dina pamarekan aya mangpaat panalungtikan sacara tioritis jeung praktis, boh pikeun panalungtik boh pikeun masarakat, jeung kamungkinan naha panalungtikan bisa dilakonan patali jeung dana, waktu, jeung dilarapkeun satuluyna. Tina prosés pamarekan heula, panalungtik bisa manggih data-data sekuder nepi ka panalungtik bisa nyawang literatur nu kudu dipimilik.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan objéktif atawa struktural. Pamarekan objéktif dipilih ku panalungtik lantaran boga tujuan pikeun maluruh objék tina strukturna. Semi dina Koswara (2013, kc. 8) méré watesan yén pamarekan objéktif ngawatesan diri sakur kana nalaah karya sastra nu ditalungtik, leupas tina pangarang jeung nu maca. Kukituna, ngaliwatan pamarekan objéktif atawa disitilakeun pamarekan struktural dipiharep panalungtik bisa ngahontal pamanggih-pamanggih anyar pikeun kamekaran strukturalisme ogé kamekaran sastra Sunda.

Métode panalungtikan téh nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana. Métode bisa mangrupa angkét, wawancara, niténan hiji hal atawa observasi, ngalakukeun tés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 203). Sedengkeun ceuk Sugiyono (2015, kc. 3) métode panalungtikan

téh nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga udagan jeung mangpaat anu tangtu.

Dina panalungtikan nu ngagunakeun karya sastra minangka objék, métode panalungtikanna kudu aya tujuan jeung mangpaat dina ngaanalisis karya nu rék ditalungtik. Miang tina hal éta, metode panalungtikan nu dipaké nya éta metode deskriptif analisis komparatif.

Ieu métode dipaké lantaran métode panalungtikan deskriptif analisis mangrupa métode utama nu nilikan analisis panalungtikan kana sumber-sumber datana, tuluy dihijikeun ku metode komparatif (*perbandingan*) nu tujuanna pikeun nyangking hasil tina data-data sumber nu leuwih ti hiji pikeun dibandingkeun. Ieu hal téh nyuméndér kana naon nu dijéntrékeun ku Ratna dina Meliasanti (2014, kc. 70) yén sacara étimologis, deskripsi hartina ngabéjérbéaskeun. Ari métode bisa mangrupa metode gabungan nu séjén, misalna deskriptif komparatif, metode ku cara ngabéjérbéaskeun jeung ngabandingkeun.

Tujuan ngagunakeun ieu métode téh pikeun maluruh suruktur karya sastra, ngaliwatan pedaran analisis struktur *faktual* mangrupa plot jeung penokohan tina dua karya. Hasil analisis plot jeung penokohan tuluy dibandingkeun pikeun méré pamahaman jeung pedaran ngeunaan sasaran jeung bébédaan kadua karya nu ditalungtik dumasar pamarekan sastra bandingan.

Dumasar metode panalungtikan deskriptif analisis komparatif, ku kituna léngkah-léngkah panalungtikan sacara gurat badagna bisa dijéntrékeun kieu.

- 1) Maca kalayan gemet dua sumber data panalungtikan, nya éta novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet* pikeun nyangking deskripsi unsur-unsur fakta carita diantarana plot jeung penokohan.
- 2) Ngaanalisis struktur faktual ngawengku plot jeung penokohan dua sumber data panalungtikan nya éta novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*.
- 3) Nyieun tabulasi data dumasar hasil analisis struktur *faktual* tina dua sumber panalungtikan.
- 4) Ngadéskripsikeun jeung ngaanalisis data-data dumasar analisis struktur fakta carita.


- 5) Ngabandingkeun struktur *faktual* ngawengku plot jeung penokohan dua sumber data panalungtikan pikeun manggihan sasaran jeung bébédaanna.
- 6) Nyindekkeun hasil panalungtikan.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta rarancang kabéh hal jeung kagiatan nu dilakukeun ku panalungtik. Cindekna mah *desain* panalungtikan téh pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan.

Saupama digambarkeun, *desain* dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

Bagan 3.1



3.2 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu dipaké pikeun nyangking data. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle nu ditarjamahkeun kana basa Indonesia ku Lulu Fitri Rahman.


Data dina ieu panalungtikan nya éta sagemblengna eusi carita dina novel *Kalajengking* jeung *Study in Scarlet* utamana anu némbongkeun unsur struktur fakta carita diantarana plot jeung penokohan anu satuluyna bisa dibandingkeun. Data lian nu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan diantarana buku sumber, artikel jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna nu aya patalina ngeunaan panalungtikan karya sastra wangun novel nu ngagunakeun pamarekan objéktif jeung pamarekan sastra bandingan.

3.2.1 Idéntitas Novel

1) Novel *Kalajengking*

Judul	: <i>Kalajengking</i>
Pangarang	: Anna Mustikaati
Medal	: Citakan kahiji, Oktober 1983
Penerbit	: Pustaka Dasentra
Kandel Buku	: 176 kaca
Warna Jilid	: Bodas

Gambar 3.1
Jilid Novel *Kalajengking*




2) Novel *Study in Scarlet*

Judul	: <i>THE FIRST CASE OF SHERLOCK HOLMES: A STUDY IN SCARLET</i>
Pangarang	: Sir Arthur Conan Doyle
Panarjamah	: Lulu Fitri Rahman
Medal	: Citakan kahiji, 2013
Penerbit	: Visimedia
Kandel Buku	: x + 286 kaca
ISBN	: 979-065-178-3
Warna Jilid	: Héjo, bodas, jeung hideung

Gambar 3.2

Jilid Novel *The First Case Of Sherlock Holmel Study In Scarlet*



3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Ngumpulkeun data mangrupa léngkah nu kudu dilakukeun dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 224) ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara.

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun nya éta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa nalaah, niténan, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Jadi, téhnik talaah pustaka dina ieu panalungtikan dipaké pikeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data nya éta novel *Kalajengking* jeung *Study in Scarlet* dibarengan ogé ku data lian anu ngarojong sarta raket palina jeung struktur fakta carita, babandingan karya sastra, téhnik karakter, sarta téhnik plot. Ari léngkah dina ngumpulkeun datana nya éta:

- 1) maca buku-buku anu patalina jeung strukturalisme, babandingan karya sastra;
- 2) nangtukeun sumber data, nya éta novel *Kalajengking* jeung *Study in Scarlet*;
- 3) maca sagemblengna novel-novel nu jadi bahan panalungtikan.

Resa Rangga Resmana, 2017

ABANDINGAN PLOT JEUNG PENOKOHAN DINA NOVEL KALAJENKING KARYA ANNA MUSTIKAATI
JEUNG NOVEL STUDY IN SCARLET KARYA SIR ARTHUR CONAN DOYLE

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpul, léngkah satuluyna nya éta ngolah data. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Data nu dianalisisna nya éta: analisis plot jeung penokohan novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet* sacara papisah, ogé analisis babandingan plot jeung penokohan novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*. Sangkan leuwih jéntré, di handap ieu didadarkeun hal-hal naon waé nu dipedar patali jeung analisis data

1) Téhnik Analisis Struktur *Faktual* Novel

Dina nganalisis data, anu munggaran dianalisis nya éta nganalisis struktur novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*. Novel-novel anu jadi bahan panalungtikan dianalisis strukturna anu ngawengku plot jeung penokohan.

Pikeun ngulik plot jeung penokohan tina dua sumber data ieu panalungtikan, disusun léngkah-léngkah kieu:

- (1) Maca gemblengan carita,
- (2) Ngidentifikasi plot sacara kronologis.
- (3) Nyusun bagan plot kalayan masing tiap peristiwa luyu jeung bagianna (episodeuna), tuluy dibéré penomoran pikeun ngabédakeun tiap peristiwa.
- (4) Ngidentifikasi tokoh carita.
- (5) Ngidentifikasi penokohan tiap tokoh carita.

2) Téhnik Analisis Babandingan Struktur Novel

Sabada kapaluruh struktur *faktual* dina unggal novel, léngkah analisis satuluyna nya éta struktur *faktual* carita téh dibandingkeun dumasar kana bébédaan jeung sasaruanna. Babandingan struktur unggal novel sakur ngawengku plot jeung penokohan.

Anapon léngkah-léngkah dina ngalakonan analisis babandingan téh kieu.

- (1) Ngabandingkeun stuktur *faktual* nu geus diidentifikasi saméméhna tina dua novel nya éta novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*.
- (2) Ngidentifikasi tina hasil sasaruan ogé bébédaan plot jeung penokohan dua karya: novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung leuwih hadé,

dina harti bisa leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nu ngajadikeun data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun kabagi jadi dua, nya éta instrumén panalungtikan dina ngumpulkeun data jeung instrumén panalungtikan dina ngolah data. Instrumén dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun nganalisis struktur *faktual* novel *Kalajengking* jeung novel *Study in Scarlet*, anu satuluyna dianalisis babandingan struktur *faktual*-na.

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik ngumpulkeun data, nya éta instrumén tabél céklis buku sumber. Buku-buku sumber dina ieu panalungtikan didata heula anu eusina ngarojong kana panalungtikan. Sabada ngadata buku, tuluy éta buku-buku téh dibaca bari dipilih, mana buku anu bakal digunakeun sarta jadi buku babon dina panalungtikan. Buku anu kapilih tuluy dicéklis dina tabél di handap.

Tabél 3.1
Conto Tabél Céklis Buku Sumber

No	Idéntitas Buku	Katégori Buku
1	Judul :	1. Sastra
	Panulis :	2. Bahasa
	Taun Medal :	3. Strukturalisme
	Penerbit :	4. Dongéng
		5. Babandingan Karya Sastra
		6. Métode Panalungtikan

3.4.2 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nya éta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carita nu aya novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

1) **Kartu Data Struktural**

Tabél 3.2
Conto Kartu Data Plot

1. Kode Data	:
2. Bagian/Épisode	:
3. Wincikan Carita	:

Tabél 3.3
Conto Kartu Data Tokoh & Penokohan

1. Kode Data	:
2. Jenis Tokoh	:
3. Ngaran Tokoh	:
4. Watek	:
5. Cutatan Carita	:
6. Cara nepikeun penghadiran tokoh	:

2) **Kartu Data Babandingan Struktur Carita**

Ieu mangrupa tabél pituduh analisis babandingan novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle.

Tabél 3.3
Pituduh analisis babandingan novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle

Unsur Fakta Carita nu Dianalisis	Deskripsi Babandingan	
	Novel Kalajengking (NK)	Novel Study in Scarlet (NSIS)
Plot	Ngajelaskeun ngeunaan plot sacara kronologis NK	Ngajelaskeun ngeunaan plot sacara kronologis NSIS
Penokohan	Ngajelaskeun sawatara tokoh nu dipilih tina hasil identifikasi papasingan jenis tokoh jeung sawatara cara penokohan tiap tokoh nu geus dipilih dina NK	Ngajelaskeun sawatara tokoh nu dipilih tina hasil identifikasi papasingan jenis tokoh jeung sawatara cara penokohan tiap tokohnu geus dipilih dina NSIS

Tina hasil , runtuyan léngkah nu dilakonan ku panalungtik téh saperti kieu.

Analisis Babandingan struktur *faktual*, diantaranya:

1) Analisis babandingan Plot.

(Ngabandingkeun Plot novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle pikeun manggihan sasaran ogé bébédaanna)

.....

2) Analisis Babandingan Penokohan
(Ngabandingkeun Plot novel *Kalajengking* karya Anna Mustikaati jeung novel *Study in Scarlet* karya Sir Arthur Conan Doyle pikeun manggihan sasaran ogé bébédaanna)

.....